

KONSÈY SOU SEKIRITE MANJE: APRÈ YON TANPÈT OUBYEN PANN KOURAN

Manje k'ap gate kapab yon pwoblèm lè pa gen kouran. Pou nou kapab bese chans maladi yo, Biwo Kontwòl Manje Depantman Lasante Maryland lan fè rekomandasyon ki vini aprè la yo pou rezidan ki pa t' gen kouran oubyen ki te fè eksperyans avèk inondasyon.

- Manje perisab yo san yo pa t' nan frijidè (ak frizè an) ki genyen yon tanperati de 40 degre Farenayt e plis pandan dezè de tan ta dwe jete. Li genyen ladan vyann yo, lèt, yogout, ze, mayonèz avèk krèm sòs, espageti ak desè yo.
- Bagay manje yo ki kapab konsève pou yon **tan limite** san yo pa ale na frijidè gen ladan li: fromaj endistriyèl di yo (cheda, Swiss, pwovolone, Womano ak Pamezan); bè avèk magarin; bwat konsèv ouvè fwi avèk ji fwi yo; manba, jele ak konfiti; moutad ak sòs ki fèt avèk vinèg yo; pwodui pen yo tankou ti pen, ponmkèt, begol ak gof; avèk fèy, epis ak legim kri yo.
- Pa gen pwoblèm pou nou remete manje yo nan frizè si bagay lan gen mòso glas ladan l' toujou epi li glase epi di lè ou manyen li. Li gen ladan l' vyann yo, pwodui fwi de mè yo, ji yo, ragou yo, prodwi ze yo, fromaj yo, legim yo, patisri yo avèk manje nan frizè yo.
- Jete tout manje ki te rantre an kontak avèk dlo inondasyon yo **menm si yo se manje nan bwat konsèv**. Lave konplètman tout istansil kizin yo, kaswòl yo, asyèt yo, elatriye., aprè ke yo finn pran kontak avèk dlo inondasyon yo avèk dlo savon cho. Dezenfekte yo nan mete yo bouyi nan dlo pwòp oubyen foure yo nan yon solisyon de yon kiyè klowòks pou yon ka dlo pandan 15 minit.
- Lè n'ap jete manje ki gate yo, mete yo nan yon doub sachè plastik ki fèmen avèk ne. Mete yo nan poubèl fatra ki si pou bèt ak zwazo.
- Kòm etan yon prensip, yon frizè ki pa ouvè, k'ap byen fonksyone ki a mwatye plen va kenbe manje yo an sekirite jiska 24 èd tan. Yon frizè ki plen nèt, ki pa ouvè kapab gade manje yo pou 48 èd tan.
- Fè bon sans ou travay lè w'ap okipe w' de pwoblèm manje ki posibelman gate. **Pa goute manje yo pou w' ka wè si yo gate. Si w' gen dout, tire yo jete.**

PLIS ENFÒMASYON

 preparedness.health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandOPR

 twitter.com/MarylandOPR

 health.maryland.gov

 facebook.com/MarylandDHMH

 twitter.com/MDHealthDept



MARYLAND
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017